

# LEE HEALTH POLITIK AK PWOSEDI

ED FINANSYE		NIMEWO POU LOKALIZE																					
K A L I T E	<input type="checkbox"/> <b>Tout sistèm nan</b> - Yon deklarasyon fòmèl sou prensip, sou sa yo vle fè (politik) ak atant (pwosedi) ki aplikab pou chak anplwaye nan sistèm nan.	CHAPIT: M05  TAB: 00  # POLITIK: 190																					
	<input checked="" type="checkbox"/> <b>Plizyè depatman</b> - Yon deklarasyon fòmèl sou prensip, sou sa yo vle fè (politik) ak atant (pwosedi) ki aplikab pou plis pase yon depatman e an jeneral ki klinik. <b>Tyeke tout sa ki aplikab anba a.</b>																						
	<input type="checkbox"/> <b>Depatman</b> - Yon deklarasyon fòmèl sou prensip, sou sa yo vle fè (politik) ak atant (pwosedi) ki aplikab sèlman pou yon depatman oswa yon gwoup moun nan yon depatman nan yon lokal oswa nan plizyè lokal ki pa afekte lòt zòn.																						
Depatman/ lokal kote politik sa a aplikab:																							
<table><tbody><tr><td><input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon sou sante</td><td><input type="checkbox"/> Famasi</td><td><input type="checkbox"/> Swen nan lopital pou malad grav</td></tr><tr><td><input type="checkbox"/> Sèvis anviwònman</td><td><input type="checkbox"/> Plant Operations</td><td><input type="checkbox"/> Pasyan ki pa entène</td></tr><tr><td><input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon</td><td><input type="checkbox"/> Radyoloji</td><td><input type="checkbox"/> Sante adomisil</td></tr><tr><td><input type="checkbox"/> Laboratwa</td><td><input type="checkbox"/> Sèvis reyabilitasyon</td><td><input type="checkbox"/> Sèvis enfimyè ki gen kalifikasyon espesyal</td></tr><tr><td><input type="checkbox"/> Sèvis legal</td><td><input type="checkbox"/> Respiratwa</td><td><input checked="" type="checkbox"/> Biwo doktè</td></tr><tr><td><input type="checkbox"/> Nitrisyon</td><td><input type="checkbox"/> Sante piblik</td><td><input type="checkbox"/> Lopital reyabilitasyon</td></tr><tr><td><input checked="" type="checkbox"/> Biwo biznis</td><td><input checked="" type="checkbox"/> Anrejistreman</td><td></td></tr></tbody></table>			<input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon sou sante	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Swen nan lopital pou malad grav	<input type="checkbox"/> Sèvis anviwònman	<input type="checkbox"/> Plant Operations	<input type="checkbox"/> Pasyan ki pa entène	<input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Sante adomisil	<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis reyabilitasyon	<input type="checkbox"/> Sèvis enfimyè ki gen kalifikasyon espesyal	<input type="checkbox"/> Sèvis legal	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input checked="" type="checkbox"/> Biwo doktè	<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sante piblik	<input type="checkbox"/> Lopital reyabilitasyon	<input checked="" type="checkbox"/> Biwo biznis	<input checked="" type="checkbox"/> Anrejistreman	
<input type="checkbox"/> Jesyon enfòmasyon sou sante	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Swen nan lopital pou malad grav																					
<input type="checkbox"/> Sèvis anviwònman	<input type="checkbox"/> Plant Operations	<input type="checkbox"/> Pasyan ki pa entène																					
<input type="checkbox"/> Sistèm enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Sante adomisil																					
<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis reyabilitasyon	<input type="checkbox"/> Sèvis enfimyè ki gen kalifikasyon espesyal																					
<input type="checkbox"/> Sèvis legal	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input checked="" type="checkbox"/> Biwo doktè																					
<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sante piblik	<input type="checkbox"/> Lopital reyabilitasyon																					
<input checked="" type="checkbox"/> Biwo biznis	<input checked="" type="checkbox"/> Anrejistreman																						
Dat li fèt: 11/15	Revize/pa gen chanjman: 1/18, 1/23	Date yo revize I: 1/19, 3/19, 1/21, 10/22	Dat pwochen revizyon an: 1/25																				
Moun ki fè I: Jason Mather																							
Moun ki revize I:																							
Konsèy pratik klinik:		Dat:																					
Konsèy edikasyon klinik	Wi Non:	Fòmasyon I fini:	Dat:																				
Plan edikasyon obligatwa:	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>		Dat:																				
Moun ki apwouve I:																							
Administratè politik la:	Anne Rose, Vis prezidan, Revenue Cycle	Dat:	12/7/2022																				
Si nesesè:																							
			Dat:																				

## OBJEKTIF:

Pou etabli kondisyon ak fason Lee Health ka bay pasyan ki kalifye yo èd.

## Definisyon:

**Swen medikal ijan** - Swen kote yo trete yon pwoblèm sante ki parèt poukонт li, ki bay gwo sentòm (sa gen ladan I gwo doulè) e si yo pa ba I atansyon medikal, li ka lako: kò moun nan vin pa fonksyone byen, oswa nenpòt nan ògàn nan kò a pa fonksyone byen oswa li ka mete sante moun nan an danje.

**Montan anvan dediksyon** - Montan total lopital k ap bay moun nan swen an bay pou tout sèvis y ap bay pasyan an anvan yo fè rabè oswa dediksyon.

**Swen medikal nesesè** - Swen medikal ki ranpli kondisyon ki apre yo: a) nesesè pou pwoteje lavi moun nan, pou anpeche I vin gen yon gwo maladi oswa enfimite, oswa pou soulaje gwo doulè; b) swen endividyle, espesifik e konstan yo bay yon pasyan swa paske I gen sentòm swa paske yo te fè dyagnostik yon maladi oubyen yon bagay te frape I oswa blese I oswa tou pasyan ap resevwa yon tretman selon bezwen I nan yon degré ki pa egzajere; c) konstan selon estanda medikal pwogram Medicaid la apwouve, li pa dwe eksperimental ni envestigasyonèl; d) dwe mache ak nivo sèvis yo ka bay an tout sekirite, e se yon swen yo pap jwenn ki pi efikas, pi konfòm ak estanda yo oswa ki mwen chè nan okenn lòt Eta; epi e) rezon prensipal ki fè yo bay swen sa a se pa dwe paske sa pi fasil pou pasyan an, pou moun k ap pran swen pasyan an oswa k ap bay swen an. Definisyon sa a nou bay pou "swen medikal ki nesesè" se menm definisyon ki nan kòd Florida Administrative Code Rule 59G-1.010 pwogram Medicaid Florid la baze ak Florida Medicaid Definitions Policy.

Yo pa konsidere sèvis ki annapre yo kòm "swen medikal ki nesesè" nan ka politik sa a sof si yon doktè sètifye sèvis sa yo nesesè sou baz sa nou sot di pi wo a:

- Sèvis kosmetik
- Sèvis ki gen rapò ak operasyon pou retire grès nan kò moun
- Sèvis moun resevwa nan yon lopital ki pa lopital Lee Health
- Sèvis Medicare pa kouvri, kit pasyan an gen asirans Medicare kit li pa genyen I

**Zòn prensipal kote nou bay sèvis** – Konte Lee, Charlotte, Collier, Glades ak Hendry nan Florid

**Pa gen asirans** - Yon pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen yon moun pou ede I peye dèt li.

## POLITIK:

Lee Health Financial Assistance policy ("FAP") valab pou swen medikal ijan ak swen medikal nesesè Lee Health bay nan lopital, e sa gen ladan I sèvis doktè nan Lee Physician Group bay pasyan ki entène lopital la ak pasyan ki vini nan sèvis ijans lopital la. FAP pa valab pou swen Lee Health bay andeyò lokal lopital yo, tankou vizit kay youn nan doktè ki fè pati Lee Physician Group. Doktè ki pa anplwaye Lee Health ka chwazi fè dediksyon oswa yo ka pa chwazi fè sa.

W ap jwenn yon lis konplè pwofesyonèl lasante ki fè konnen ki doktè FAP kouvri ak ki doktè li pa kouvri nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>. Ou ka rele Patient Financial Services Department nan 1-800-809-9906 pou w jwenn yon kopi papye lis sa a. Yo mete lis sa a ajou omwen chak twa mwa.

Pasyan yo ap kalifye pou jwenn èd sou baz FAP sèlman si yo ranpli kondisyon sou baz sa yo antre pa ane e si:

- a) Yo pa gen asirans;
- b) Rete nan youn nan zòn prensipal Lee Health bay sèvis yo;
- c) Bay Lee Health enfòmasyon nesesè anrapò ak finans fanmi an; e
- d) Pran swen nan youn nan lokal Lee Health yo (The Rehabilitation Hospital, Cape Coral Hospital, Golisano Children's Hospital, Gulf Coast Medical Center, HealthPark Medical Center ak Lee Memorial Hospital).

An jeneral, èd finansye a pa aplikab pou:

- a) Kòb ou bay pou sa asirans lan pa kouvari a
- b) Dediksyon asirans lan fè
- c) Moun ki pa ranpli kondisyon rezonab asirans yo tankou otorizasyon oswa referans
- d) Moun ki chwazi soti nan yon asirans
- e) Moun ki rete nan zòn ki pa zòn prensipal Lee Health bay sèvis.

Menmsi yon pasyan pa kalifye selon FAP a, Lee Health ap ba l swen, san patipri, pou sitiyasyon medikal ijans (selon definisyon ki nan seksyon 1867 Social Security Act). Lee Health pap pran okenn aksyon pou dekouraje moun chèche swen medikal ijan. Lefètke yo bay moun èd finansye, sa pa retire dwa Lee Health pou l asire l li jwenn pèyman nan men lòt sous, tankou asirans, nenpòt antant ki fèt pou peye dèt oswa jijman. Mete sou sa, Lee Health gen dwa pou l deside bay pasyan ki pa rete nan zòn prensipal li bay sèvis swen.

## **FASON POU APLIKE**

Chak pasyan gen posiblite aplike pou èd finansye pandan nenpòt moman nan relasyon l ak Lee Health:

- a) Anvan tretman;
- b) Pandan tretman; e
- c) Jis li fin peye nèt.

Yo mande pasyan yo ranpli aplikasyon èd finansye Lee Health Financial Assistance Application ("FAA") e pou yo remèt enfòmasyon yo mande yo. Pasyan yo dwe remèt FAA ak enfòmasyon an nan yon espas 15 jou apre yo fin anrejistre lopital la. FAA disponib sou Entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Yo ka konsidere yon aplikasyon FAA ki gen yon atestasyon ki siyen kòm yon dokiman pou rapòte kantite kòb fanmi an antre sof si Lee Health, e l ka deside sa san l pa dwe esplikasyon, mande yon dokiman pou kore aplikasyon an. Lee Health ka mande dokiman ki annapre yo swa pou pasyan an swa pou fanmi pasyan an:

- a) Dokiman ki montre salè l
- b) Sètifikasi enpo sou revni (income tax return)
- c) Dokiman labank ki montre depo ki fèt sou kont chèk oswa kont epay
- d) Dokiman ekri patwon an ki verifye salè a

- e) Dokiman ki rele W-2 withholding form
- f) Dokiman ekri yon ajans gouvènman an ki fè konnen kantite kòb pasyan an antre
- g) Dokiman yon zanmi bay ki montre l ap ede lè kantite kòb pasyan an antre a se \$0
- h) Rapò kredi
- i) Dokiman ki pwouve pasyan an ap viv nan zòn prensipal Lee Health bay sèvis

Menmsi yon pasyan pa ta bay dokiman ki pou soutni aplikasyon l lan, sa pap anpeche Lee Health ba l èd finansye, si l ta deside fè sa.

Pasyan ki travay ak tèt yo dwe bay ni rapò taks (income tax) pèsonèl yo ni rapò taks biznis la pou 12 mwa ki pase anvan dat yo te jwenn sèvis la lè y ap ranpli aplikasyon pou èd finansye a.

Lee Health ka verifye kantite kòb ou antre, sa vle di li ka tyeke kredi w tou.

Y ap egzamine tout aplikasyon. Y ap fè efò ki rezonab pou yo gade si yon moun kapab kalifye menmsi aplikasyon an pa fin konplè. Yo kapab detèmine si yon moun kalifye selon enfòmasyon yo jwenn nan rapò sou kredi moun nan oswa sou enfòmasyon finansye yo te jwenn deja nan men pasyan an, sou dyagnostik moun nan e yo fason moun nan te konn abitye peye.

Yo ka sipoze yon pasyan kalifye pou èd finansye si yo konnen li deja fin itilize tout benefis Medicaid li e/oswa li pa gen kote pou l rete. Sipozisyon sa a ka baze sou enfòmasyon yo jwenn pa mwayen ajans nan Florid ki okipe zafè swen sante (Florida's Agency for Health Care Administration) pa egzanp ajans tankou Agency's web portal oswa Medicaid Management Information System oswa pa mwayen sistèm enfòmatik faktirasyon Lee Health la.

Sa ka pran jiska 30 jou apre yon moun fin ranpli aplikasyon an e l fin bay tout dokiman pou pou soutni aplikasyon an pou yo apwouve èd finansye a.

Pasyan ki kalifye pou èd finansye a ap jwenn èd pou jis 180 jou. Apre 180 a, y ap gen pou yo bay dokiman ki ajou sou finans yo pou yo ka detèmine si yo toujou kalifye.

Yon pasyan ka jwenn èd anrapò ak evalyasyon e anrapò ak èd finansye si l mande sa anvan oswa apre l fin jwenn sèvis.

Moun ki bezwen moun ede yo ranpli aplikasyon yo kapab rele Patient Financial Services Office nan 1-800-809-9906.

## **ED FINANSYE KI DISPONIB AK KONDISYON POU MOUN KALIFYE**

Lee Health bay èd finansye sitou de fason: 1) èd finansye ki baze sou kantite kòb pasyan an fè, e 2) rabè yo bay pou pasyan ki pa gen asirans.

### **1. Èd ki baze sou revni moun nan**

Si kantite kòb yon pasyan antre pi ba pase 400 poustan selon gid povrete Leta federal la bay la, pasyan an ka jwenn èd finansye. Lee Health gen dwa pou l deside bay yon pasyan èd

finansye menmsi pasyan sa a pa ranpli kondisyon ki nan standa kantite kòb moun nan antre a.

- Yo defini rantre kòb la kòm kantite kòb anvan dediksyon fanmi an rantre chak ane plis 25% tout lòt antre lajan tankou chèk, epay oswa balans sou kòb yo fè nan envertisman.
- Yo defini fanmi an kòm moun ou marye avè I e/oswa moun I ap viv avè I, timoun ki sou kont moun nan oswa nenpòt moun ki rete nan kay la e ki sou kont moun nan selon federal Income Tax Returns.

Revni pasyan an	Montan èd finansye a
Si I 200 pousan oswa pi ba pase 200 pousan gid povrete federal la	Pasyan an kalifye pou I jwenn 100 pousan èd finansye (yo rele I tou "charity care") e I pa gen pou peye ni frè pou lopital la ni frè pou Lee Physician Group anrapò ak swen nan lopital Lee Health.
Ant 201 ak 400 pousan gid povrete federal la	Pasyan an kalifye pou I jwenn 80 pousan rediksyon nan montan frè lopital Lee Health hospitals ak Lee Physician Group anrapò ak swen nan lopital la, sa vle di, pasyan an ap gen pou peye 20 pousan nan montan total la.
Kantite kòb pasyan an gen pou peye lopital la depase 25 pousan kantite kòb fanmi an antre men kantite kòb fanmi an antre pa depase nivo povrete federal la kat fwa pou yon fanmi kat moun.	Pasyan an kalifye pou I jwenn 100 pousan èd finansye e I pa gen pou peye ni frè pou lopital la ni frè pou Lee Physician Group anrapò ak swen nan Lee Health.

Dediksyon sa yo ak ajisteman yo pa aplikab pou moun k ap bay swen ki pa nan kontra a oswa pou okenn kont ki fèt akoz yon aksidan, yon reklamasyon dèt oswa lòt aksyon legal. Mete sou sa, dediksyon sa yo pap aplike toutotan yo pa idantifye tout lòt moun ki ka peye pou kont lan oswa yo pa aplike I. Yo pa ka mete dediksyon Medicare oswa kantite kòb moun nan peye apre asirans fin peye ki kalifye pou èd la kòm dèt Medicare.

## 2. Èd finansye sou baz revni pou pasyan k ap suiv tretman pou kansè

Si yon kantite kòb yon pasyan fè pi ba pase 400 pousan gid povrete federal la e si pasyan an ap suiv tretman pou yon kansè, pasyan an ka jwenn èd finansye. Lee Health gen dwa deside bay èd finansye menmsi pasyan an pa ranpli kondisyon ki nan estanda kantite kòb moun nan antre a.

- Yo defini revni kòm kantite kòb anvan dediksyon fanmi an antre chak ane plis 25% tout lòt antre lajan tankou chèk, epay oswa balans sou kòb yo fè nan envertisman.
- Yo defini fanmi an kòm moun ou marye avè I e/oswa moun I ap viv avè I, timoun ki sou kont moun nan oswa nenpòt moun ki rete nan kay la e ki sou kont moun nan selon federal Income Tax Returns.

Revni pasyan an	Montan èd finansye a
Si l 400 poustan oswa pi ba pase 400 poustan gid povrete federal la	Pasyan an kalifye pou l jwenn 100 poustan èd finansye (yo rele l tou "charity care") e l pa gen pou peye ni frè pou lopital la ni frè pou Lee Physician Group anrapò ak swen nan lopital Lee Health, sa gen ladan l balans apre asirans sof si lanwa entèdi sa.

Dediksyon sa yo ak ajisteman yo pa aplikab pou moun k ap bay swen ki pa nan kontra a oswa pou okenn kont ki fèt akoz yon aksidan, yon reklamasyon dèt oswa lòt aksyon legal. Mete sou sa, dediksyon sa yo pap aplike toutotan yo pa idantifye tout lòt moun ki ka peye pou kont lan oswa yo pa aplike l.

### 1. **Dediksyon pou pasyan ki pa gen asirans**

Si yon pasyan pa gen asirans e l pa kalifye pou l jwenn èd pou sou baz revni li, Lee Health bay yon dediksyon 80% sou montan total kòb pou sèvis li resevwa nan lopital la ak yon dediksyon 25% montan total sèvis li jwenn nan men pwofesyonèl ki fè pati LPG a.

### **FASON YO KALKILE MONTAN YO CHAJE AN JENERAL**

Lè yon pasyan kalifye pou l jwenn mwens pase 100 poustan èd pou montan total la jan sa parèt pi wo a, frè pasyan an ap gen pou peye yo pap depase kantite yo konn chaje moun ki gen asirans pou swen sa yo ("AGB").

Lee Health sèvi ak yon metòd yo rele "look-back" pou yo kalkile AGB pou lopital li yo. AGB a se pi gwo limit kòb y ap pran nan men yon pasyan ki kalifye. AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare, Medicaid, ak asirans sante prive yo sou yon peryòd plis pase 12 mwa, epi yo divize total pa montan total reklamasyon sa yo anvan rabè. Fason yo kalkile AGB pou chak lopital disponib sou Entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

### **AKSYON POU REKIPERE LAJAN**

Li toujou pi bon pou n bay èd finansye olye nou chèche rekiperé lajan pasyan yo dwe. Lee Health ap pran tout mezi ki rezonab pou l detèmine si yon pasyan kalifye pou FAP. Sa gen ladan l pale sou FAP depi nan anrejistreman an, mete dokiman yo disponib nan zòn kote pasyan yo ap anrejister a e sou Entènèt, epi bay konsèy nan domèn finans. Men, pasyan yo dwe ranpli aplikasyon an epi remèt dokiman nesesè pou soutni aplikasyon yo.

Si yon pasyan pa aplike oswa li pa kalifye pou èd finansye e li pa peye lopital la, y ap voye kont yo bay yon ajans ki la pou rekiperé lajan. Y ap voye yon lèt bay pasyan an ansanm ak fakti total la ou fè l konnen y ap voye kont li nan ajans pou rekiperé lajan an. Pasyan an ap gen 5 jou ouvrab pou l reponn lèt la anvan yo fè aksyon pou rekiperé lajan an. Menmsi Lee Health ka voye kont yon pasyan nan yon ajans pou rekiperé lajan an, Lee Health pap antre nan lojik vann kont lan bay ajans sa yo.

Lee Health kapab fè yon aksyon legal pou kantite kòb yon pasyan dwe depi plis pase 120 jou si pasyan an pa kalifye pou èd finansye e li gen ase mwayen pou l peye. Yo pap fè yon aksyon legal toutotan konsèy legal Lee Health pa apwouve l, e pasyan an ap gen 30 jou resevwa yon papye ki

fè I konnen li gen 30 jou pou I peye anvan yo fè yon aksyon legal kont li. Aksyon legal la ka gen ladan I aksyon sivil e yo ka pran kòb la sou salè I. Lee Health kapab fè yon demann pou I fè reklamasyon kòb pasyan dwe I lè y ap fè likidasyon byen yon moun nan ka moun ki deklare fayit oswa si y ap likide byen imobilye I oswa nan kad yon ipotèk selon sa lalwa otorize. Nan kèk ka, kote lalwa pèmèt sa, si yon moun gen youn oswa plizyè fakti li pa peye pou swen li te deja resevwa, Lee Health kapab refize bay moun sa a swen si se pa yon ijans medikal oswa yo ka mande I pou peye anvan nou ba I swen. Lee Health ka fè yon demann pou I fè reklamasyon kòb pasyan dwe I lè y ap fè likidasyon byen yon moun nan ka moun ki deklare fayit oswa si y ap likide byen imobilye I oswa nan kad yon ipotèk selon sa lalwa otorize.

Biwo pou èd finansye (Lee Health Patient Financial Services Office) ansanm ak depatman sèvis legal (Legal Services Department) gen pou detèmine si Lee Health te fè tout sa k posib pou konnen si payan an kalifye pou FAP anvan yo fè yon aksyon pou rekiper lajan.

Si yon pasyan kalifye pou èd finansye e yo mete kont li kòm yon depans pou aksyon charite, yo pap mete I kòm yon dèt.

### **METE FAP DISPONIB POU PUBLIK LA**

FAP la ansanm ak FAA ak rezime klè FAP ap disponib pou piblik la nan kominate Lee Health ap sèvi yo, selon sa U.S. Department of Treasury Regulations mande. Epitou, Lee Health ap fè menm dokiman sa yo disponib ann Espayòl, Kreyòl Ayisyen, Alman ak lang kèlkeswa lòt gwoup ki gen plis pase 1000 moun oswa 5 poustan nan kominate kote Lee Health ap bay sèvis.

Si gen moun ki gen kesyon anrapò ak politik pou èd finansye (Financial Assistance Policy), yo kapab rele yon moun pou ede yo nan 1-800-809-9906. Enfòmasyon anrapò ak politik èd finansye (Financial Assistance policy) a disponib tou sou <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

### **LÒT POLITIK KI GEN RAPÒ AK SA A:**

M05 00 730 Kantite tan yo ka bay pasyan ki gen asirans èd

M05 00 731 Kantite tan yo ka bay pasyan ki pa gen asirans èd